

# KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- PLAN SEKOU POU COVID-19
- PWOGGRAM POU PA PEYE  
TAKS POU RANTRE LEKÒL  
2021 AN
- VAKSINASYON

JIYÈ 2021

Bilten 13 | NIMEWO 76 |

## PLAN SEKOU COVID-19 M-DCPS LA



## Fon Plan Sekou ESSER COVID-19 la

Nan kòmansman mwa sa a, Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County te fè yon atelye pou diskite sou plan preliminè pou fason yo pral itilize fon estimilis federal Distri a te resevwa atravè Akò "The American Rescue Plan (ARP)" (Plan Sekou Ameriken An) ak Akò "Coronavirus Response and Relief Supplemental Appropriations (CRRSA)" (Repons pou Coronavirus ak Sekou Apwopriyasyon Siplemantè).

Fon yo estime "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) resevwa se \$1,189,951,575 - \$366,633,644 nan ESSER II ak \$823,317,931 nan ARP ESSER. Nou ka itilize fon sa yo sèlman pou depans ki akseptab datre Akò yo. Developman Plan Estratejik 2021-2026 M-DCPS la te rann li posib

pou bay depans lajan estimilis la priyорите, akoz tout inisyativ Distri ap envesti dwe konekte ak yon priyорите nan nouvo Plan Estratejik, Posibilité Enfini an. Gen sèz asirans depans ki kalifye anba ARP ak CRRSA a. Distri a klase asirans sa yo nan kat kategori: Aprantisaj Akselere, Sante Mantal ak Sante Fizik, Prepare ak Evite Fèmti Potansyèl Lekòl yo Alavni, epi Kenbe Etablisman nou yo Fonksyonèl ak Prezève Anplwaye yo.

Depi Gwo Resesyon an, M-DCPS te konte sou kat prensip pou gide li nan kesyon bidjè - amelyore rezulta elèv yo, pwoteje salklas la, pwoteje mendèv la, epi kenbe vyabilite finansye Distri a. An 2020 Distri a te ajoute yon senkyèm prensip: asire sante ak sekirite elèv ak anplwaye nou yo. Prensip sa yo

entegre nan tout plan depans sa a.

Kòm yon sistèm lekòl ki valorize e priyорите ekite, lajan an prale kote ki gen pi gwo bezwen nan lekòl nou yo; 93 poustan nan \$1.2 milya dola envestisman ESSER yo prale dirèkteman oubyen endirèkteman nan lekòl yo pou enfliyanse akonplisman elèv yo.

### DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

**31 Jiyè – 9 Out**  
Pwogram pou Pa Peye  
Taks pou Rantre Lekòl  
2021 an

**23 Out**  
Premye Jou Ane Eskolè  
2021-2022 a

Pou akselere aprantisaj pou tout elèv, nou fè envestisman nan anpil domèn tankou pèsonèl, teknoloji, ak sipò akademik adisyonèl pou tout nivo klas yo pou maksimize rekiperasyon akademik elèv yo e minimize enpak sou byennèt sosyo-emosyonèl yo akòz pandemi COVID-19 la. Lòt envestisman yo pwopoze vize pou mentni operasyon yo, evite potansyèl fèmti alavni ak pwoteje mendèv trè kalifye Distri a. Anplis de sa, M-DCPS ap kontinye kreye kondisyon anviwònman ki gen sekirite pou elèv ak mendèv la retounen nan lekòl nou yo.

Lajan estimilis M-DCPS resevwa a pral sèvi kòm sous prensipal

envestisman pou M- DCPS pandan plizyè ane ki pral vini yo e n ap reyalize yo pa faz. Distri a pral trè pridan sou depans li yo pou asire yo itilize finans yo kòrèkteman daprè machasuv ki dekri yo e pou evite Depans Inakseptab yo, ki gen ladan atik tankou manje, piblisite, acha machin oswa enstalasyon, rad oswa inifòm, ansanm ak asire dirabilite envestisman yo pou kontinye tandans li genyen depi lontan kòm bon gadyen fon takspeyè yo.

Nou deja enplemente inisyativ tankou Lekòl Ete. M-DCPS pral espase pwojè yo pandan twa pwochen ane yo e nou ap kenbe

piblik la enfòme sou fason lajan yo ap depanse.

Anvan adopsyon final plan depans yo, Distri a pral angaje nan bonjan komunikasyon nan de sans ak patnè li yo atravè yon reyinyon kominotè jedi 15 jiyè 2021 soti 6è rive 7:30 diswa. Tout moun ki enterese yo ka patisipe an pèsòn nan 'School Board Administration Building' ki lokalize nan 1450 N.E. 2nd Avenue oubyen sou entènèt nan vizite <https://www.eduvision.tv/I?eAeeyRO>. Pou plis enfòmasyon, vizite [covidrelief.dadeschools.net](https://covidrelief.dadeschools.net).

## PWOGRAM POU PA PEYE TAKS POU RANTRE LEKÒL NAN FLORID



Nan preparasyon pou ouvèti ane eskolè 2021-2022 a, fanmi M-DCPS yo pral kapab ekonomize plis lajan pandan peryòd 10 jou kote yo pap peye taks sou lavant founi klasik, soti 31 jiyè rive 9 out 2021. San dout, pwogram pou pa peye taks sou lavant founiti klasik ane sa a ap ede paran yo ekonomize lajan pandan yo ap

achte founiti klasik epi prepare ptit yo pou yon ane lekòl ki plen siksè. Atik ki gen egzanpsyón taks yo gen ladan rad ak atik debaz tankou kreyon, plim, kaye, ak aparèy elektwonik pou aprantisaj. Pou plis enfòmasyon, vizite: <https://floridarevenue.com/backtoschool/Pages/default.aspx>.

TI KONSEY SOU  
ENTÈNÈT POU PARAN

Pratike  
Swen  
Pèsonèl  
<https://bit.ly/3jTmgfD>

# Reyinyon Kominotè sou ESSER



M-DCPS

AP  
TANDE W

Lekòl Leta Miami-Dade County aktyèlman ap devlope plan depans Distri a pou "The Elementary and Secondary School Emergency Relief Fund (ESSER)" (Fon Sekou Ijans Lekòl Elemantè ak Segondè), e nou vle ou fè pati konvèsasyon an.

Jwenn avèk nou an pèsòn oubyen atravè yon difizyon sou entènèt pou ou gen chans poze kesyon ak pataje opinyon ou pou ede avanse objektif plan nou an.

**Jedi 15 jiyè 2021**  
**6è diswa rive 7:30 diswa**

Nan Oditoryòm 'School Board Administration Building' la

1450 N.E. 2 Avenue, Miami, FL 33132

**JWENN AK NOU SOU ENTÈNÈT NAN:**

<https://www.eduvision.tv/I?eAeeyRO>

Plis enfòmasyon disponib nan sit entènèt: covidrelief.dadeschools.net

Nou ankouraje ou voye kesyon pa imèl anvan e pandan reyinyon an nan ESSER@dadeschools.net



M-DCPS aknouraje paran/gadyen pou yo tcheke dosye vaksinasyon pitit yo pou wè si yo bezwen pran vaksen ki obligatwa pou antre lekòl la. Patikilyèman pandan pandemi 'COVID-19', li enpòtan pou timoun yo resevwa vaksinasyon pou pwoteje yo kont maladi ak epidemi ki evitab. Pandan sezon gwo grip ki ap vini an, vaksen kont gwo la pral trè enpòtan pou redui efè maladi respiratwa nan kominote a.

Nou mande pou tout élèv M-DCPS resevwa vaksen ki obligatwa pou laj yo pou ane lekòl 2021-2022 a, Paran/gadyen pa dwe rete tann

pou yo kontakte doktè yo pou pwograme yon randevou. Non sèlman vaksinasyon selon laj obligatwa pou lekòl, vaksinasyon yo sèvi tou kont prevansyon maladi ki mennen nan vizit medikal ki pa nesesè, ospitalizasyon ak plis presyon nan sistèm swen sante a. Pou aprann plis sou dènye Kondisyon Vaksinasyon Lekòl yo, vizite <http://www.floridahealth.gov/programs-and-services/immunization/children-and-adolescents/school-immunization-requirements/index.html>.

"The Centers for Disease Control

(CDC)" (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) rekòmande pou tout moun laj 12 an e plis pou resevwa vaksen COVID-19 la pou ede pwoteje yo kont COVID-19. Nou ankouraje paran/gadyen yo vizite sit entènèt eta a ki ap pèmèt yo lokalize andwa vaksen yo, <https://floridahealthcovid19.gov/vaccines/vaccine-locator/> pou tout dènye enfòmasyon disponib sou founisè vaksen yo.

## REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

**28 Jiyè**

5è nan aprèmidi  
Atelye sou Bidjè

**18 Out**

11è dimaten  
Reyinyon Regilye  
Komisyon Konsèy la



[www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net)

## MEDYA SOSYAL

@MDCPS  
@EscuelasMDCPS  
@MiamiSup

@MiamiSchools  
@MiamiSup



@MiamiSchools  
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools

Komisyon Konsèy  
Lekòl Miami-Dade  
County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann  
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann  
Lucia Baez-Geller  
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall  
Christi Fraga  
Doktè Lubby Navarro  
Doktè Marta Pérez  
Mari Tere Rojas  
Luisa Santos  
Alberto M. Carvalho  
Sipèntandan Lekòl yo  
Cori'Anna White  
Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Pwodiksyon Biwo Kominikasyon ak Angajman Kominotè anba direksyon Daisy Gonzalez-Diego